


Rudzikinuro rwaKristu—Chipo Chikuru Kwazvo chaMwari (Chikamu 2)

Nyaya iyi inobva muchitsauko 5 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* uye riripowo pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ona kuti Bhaibheri rinodzidzisa kuti kudii, woona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.



RUFU RWAJESU RUNOTIBATSIRA SEI?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Unofunga kuti vamwe vanoti kudii?

Ko iwe unoti kudii?

Nei uchidaro?

2

TARISA UONE ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI

Kufirwa kwatakaitwa naJesu kunotibatsira pane zvakawanda.


(Ona chitsauko 5 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?* ndima 14-17.)

Verenga VaKorose 1:13, 14 uye VaHebheru 9:13, 14.

Kufirwa kwatakaitwa naJesu kunotibatsira sei kuti tisanyanya kunzwa tiine mhosva pamusoro pezvivi zvedu?

Verenga VaRoma 6:23.

Kufa kwaJesu kuchaita kuti vanhu vakatendeka vazowanei?



Kuti uone kubatsira kunoita chipo hunge wachishandisa. Kuti tibatsirwe nokufirwa kwatakaitwa naJesu tinofanira kuratidza kutenda kwedu nemabasa

Tinofanira kutenda kufirwa kwatakaitwa naJesu.

(Ona chitsauko 5 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?* ndima 18-22.)

Verenga Johani 17:3 uye 1 Johani 5:3.

Zvii zvatingaita kuratidza kuti tinotenda kufirwa kwatakaitwa naJesu?

Verenga Johani 3:16 uye Jakobho 2:26.

Kuziva kuti Jesu akatifira zvakakwana here?

Ndezvipi zvaungaita kuratidza kuti unotenda kufirwa kwawakaitwa naJesu?

3

TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

MUMWE MUNHU AKATI . . .

Handioni kubatsirwa kwangingaitwa norufu rwemunhu mumwe chete akafa kare kare.

UNOGONA KUMUPINDURA UCHITI . . .

Ndozvinofungwa nevakawanda. Asi ini ndinotenda kuti rufu rwaJesu runotibatsira nekuti . . .

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungatsanangura sei vhesi yacho kuti umubatsire?

MUMWE MUNHU AKATI . . .

Kutenda muna Jesu chete ndiko kunongodiwa kuti munhu aponeswe.

UNOGONA KUMUPINDURA UCHITI . . .

Ichokwadi kuti kutenda muna Jesu kunokosha. Asiwo hatifaniri kungogumira ipapo nekuti . . .

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungatsanangura sei vhesi yacho kuti umubatsire?
